Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 19 (6599) 30 апрель 2018 с. Итни Ражаб 1439 с. Багьа 5 гъур.



БАРКИЯЛ

## Ихдалил ва захIматалъул байрам

ХIурматиял гьалмагъзаби! ТIаде щолеб буго ихдалил ва захIматалъул байрам – ТIоцебесеб май. Нилъер улкаялъул халкъалъе маялъул байрам лъугьун буго, их бачIиндал тIабигIаталда гIадин, инсанасулъги цIилъи бижизабулеб, гIадамал цоцалъ гъункулеб, жидерго захIматалдаса гьел чIухIизарулеб, гьезулъ гьирашавкъ цIикIкIунеб байрамлъун. Биччанте хадубккунги гьеб щивасул рекIелъ гьединаблъун хутIизе.

«Гумбет район» муниципалияб районалъ, ракIракIалъ баркула ихдалил ва захIматалъул байрам. РакIчIараб буго росабазул нухмалъулез, жамагIатаз хадубккунги росаби социалиябгун экономикияб рахъалъ церетIезариялда, гIумру-яшав лъикIлъизабиялда, сундулъго ва кибго рагIи дандеккеялъул нух балагьиялда сверухъ хIалтIи лъикI гIуцIизе букIиналда.

Цоги нухалъ байрамги баркулаго, гьарула щибаб хъизаналда парахатаб гIумру, щивасе щулияб сахлъи, гIумруялъулъ талихI, рохел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## ЦIа ккеялдаса цIуниялъул хIалтIухъабазул къо

Районалъул цIа свинабиялъул № 45 часталъул хIалтIухъабазда баркула гьезул махщалилаб байрам. Гьарула щулияб сахлъи, щивасул хъизамалда талихI-рохел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Бакълъулазул тарихги, хаслъиги, хатIги, цIарги

### Маданияталъул суалал рорхараб администрациялъул данделъи тIобитIана

**25 апрелалда Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул данделъабазул залалда тIобитIана Бакълъулазул районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна маданиял учреждениязда, библиотекабазда хIалтIи гIуцIиялъул бугеб хIалалъул ва гьеб цебетIезабиялъе тадбиразул хIакъалъулъ суал.**

Данделъиялда гIахьаллъана росабазул бегавулзаби, маданиялгун хIухьбахъиялъул центразул, библиотекабазул хIалтIухъаби ва цогидалги.

Коллегиялъул данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

Гьоркьоб лъураб суалалда хурхун доклад гьабуна районалъул бетIерасул гIакълучи АхIмад Сулаймановас. Гьес бицана: «Районалда хIалтIулеб буго 20 маданиябгун хIухьбахъиялъул центр, 20 библиотека. Умумузул лъикIал гIадатал церехун рачиналъе районалда хIалтIи гьабулеб буго. ЧIиркъатIа щибаб соналъ маданияб централъул ва библиотекаялъул хIалтIухъабазул жигараб гIахьаллъигун «Лъалъадиялъул рахъил къо» тIобитIула, ЛъаратIа хIалтIулеб буго «Гьоболасул рукъ», республикаялъулаб кIваралъулаблъун лъугьана Аргъваниб кIодо гьабураб, Имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тIубаялъул тадбир ва цогидабги.

11 библиотекаялъул буго компьютералъулаб техника, лъагIалил ахиралде интернеталде цолъизаризе хIисабалде босун буго киналго библиотекаби. ТIоритIула клубазда ва библиотекабазда дандчIваял, викторинаби, гара-чIвариял.



КъваригIун буго дагьалги лъикI хIалтIизе».

Данделъиялда кIалъазе рахъана райадминистрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадов, финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидов, ЧIиркъатIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей Тажли МуртазагIалиева, ЦIиликь росдал библиотекарь ГIазра Абубакарова. Рамазан МухIамадовас абуна росабалъ маданиял централ ва библиотекаби санагIат гьечIел рукъзабахъ ругин. Гьенир тадбирал цIалдохъабазул гIахьаллъигун гурони, гIолилал гъорлъе цIан тIоритIулел гьечIин, гьеб хIалтIи гIолилазул централде рехун тун бугин. ЦIакъго санагIат гьечIел шартIал ругел учреждениязе капиталияб ремонт гьабиялъе проектал хIадурун Министерствоялде кьун ругин.

Данделъиялъул хIасилал гьаруна районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас. «Культура цебетIезабиялъул буго кIудияб кIвар, гьитIингоялдаса гIолеб гIелалъулъ хIалтIуде ва цIалуде, тIадегIанаб искусствоялде рокьи бижизабизе ккола, жамгIияталъе пайда кьолеллъун гьел куцай жавабияб масъала ккола. Гьел ва цогидал масъалаби гIумруялде рахъинариялъулъ маданиял учреждениязул ва библиотекабазул хIалтIухъабазул кIудияб роль буго. СанагIатал шартIал гьел учреждениязда чIезариялда тIадги хIалтIизе руго», -ян абуна районалъул бетIерас.

Ахиралда къабул гьабуна хIукмуги.

**Къурмагъиз ХIадисова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Борч – халкъалъе хъулухъ гьаби**

-2 гьум.



**ХIисаб гIелму – гIелмабазул къирал**

-2 гьум.



**266 нухалъ къватIире рахъана**

-3 гьум.



Собрание депутатов муниципального образования «Село Тлярата»

**Собрание депутатов муниципального образования «Село Тлярата»**

-4 стр.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Борч – халкъалъе хъулухъ гьаби

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас данделъи тIобитIана, сахлъи цIуниялъул ва социалиял суалалги гьоркьор лъун

**23 апрелалда, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана сахлъи цIуниялъул, социалиял ва цогидалги суалалги гьоркьор лъун, данделъи. Гьенир гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял хъулухъазул вакилзаби.**



Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас бицана араб анкьалъ гьабураб хIалтIул. Пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабун буго 153 чиясе. ГIадамаз рачIарал гIарзабазда гьоркьор руго ракьул участкабазе документал щвеялъул хIакъалъулъ ва цогидалги гьарият.

Бакълъулазул районалъул централияб больницаялде МахIачхъалаялдаса бачIана тохтурзабазул къокъа. ГIадамазул медицинаялъулаб халгьаби тIобитIана. ЦРБялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас бицана сахлъи цIуниялъул рахъалъ районалда бугеб хIал.

«Районалъул медицинаялъул учреждениязул хIалтIи лъикI буго. Тохтурзабаз хал гьаби тIобитIулеб буго ихдалил призывнияб кампаниялъул заманалда школлъималазул. ТIадеги ралагьулел руго дараби ва цоги хIажатал медикаментал. КватIичIого гьеб суалги тIубалин хьул буго».

«Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировасул нухмалъиялда рищни-къулалдаса рацIцIад гьаруна кьватIал, росу сверухъ бакI. Росдал гIолохъабаз энергетикасе кумеки гьабун, кIиго хIуби эхетизабуна ва кварал цIана.

Районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас бицана экстремизмалда ва терроризмалда данде чIарал тадбирал тIоритIиялъул.

Райадминистрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас абуна араб анкьалъ школазул нухмалъулезул, гьезул заместителазул данделъаби, цIалдохъабазул олимпиадаби, ОГЭялда, ЕГЭялда хурхарал тадбирал тIоритIанин.

Дагъистан Республикаялда бугеб Росреестралъул Управлениялда тIобитIараб данделъиялъул хIасилазул, гьединго районалъул росабалъе гьарурал хIалтIулал сапаразул бицана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас.

ТIоцебесеб иргаялда тIуразе кколел кIвар бугеб масъалабазулъ районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас рехсана КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 73 сон тIубаялде хIадурлъиялъул, ОГЭ ва ЕГЭ лъикI кьеялъул, гIадамазе гьабулеб сахлъи цIуниялъул ва социалияб хъулухъ камилго гIуцIиялъул суалал. Районалъул бетIерас кинало ахIана гIадамазул гIумруялъул даража борхизабиялда, хIасилал лъикIал ккезариялда тIад хIалтIизе.

**«Гумбет» РИО**

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ

# Квешлъиялда данде – рухIияб сангар

### ЧIиркъатIа ва Игьали росабазул школазда тIоритIана экстремизмалда ва наркоманиялда дандечIарал тадбирал

**Диниял церехъабиги, муниципалитеталъул идарабазул вакилзабиги гIахьаллъун, ЧIиркъатIа ва Игьали гьоркьохъел школазда тIоритIана рухIиябгун лъайкьеялъул тадбирал.**



МугIалимзабазда ва цIалдохъабазда цере кIалъазе рахъана Бакълъулазул районалъул имам Юнус Тимирсултанов, Дагъистаналъул муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул мугIрузул территориалияб округалда вугев нухмалъулев МухIамадгIариф МухIамадов, гьебго отделалъул Гумбет районалда вугев нухмалъулев Рашид ХIабибов, районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадов, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ инспектор МухIамад ХIусейнов, райадминистрациялъул терроризмалда дандечIарал комиссиялъул специалист Абакар Абакаров ва цогидалги.

Школлъимал битIараб нухдаса таризе чIезе бегьуларо, гIадамасул сураталда рачIунел шайтIабаз къосинариялдаса, вагьабистаз, экстремистаз асар гьабиялдаса цIунун рукIине ккола. Школлъималазухъ руго смартфонал. Эбел –инсуца хал ккезе ккола телефоназдасан сундухъ балагьун ва гIенеккун жидерго лъимал ругелали. Гьезда бичIчIизабизе ккола экстремистазул лекциязухъ, хутIбаялъухъ, вагIзабазухъ гIенеккани, ахиралда сунде рачунелали.

ГIолеб гIелалъе тарбия лъикIаб щвезабиялъул суалазде районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас кIудияб кIвар кьолеб буго. Росабалъ батIи-батIиял тадбирал тIоритIулел, республикаялъул машгьурал гIалимазул нухдасан ине гIолилал ахIулел руго. Гьел ва цогидал суалазда тIадчIей гьабуна кIалъазе рахъараз.

**«Гумбет» РИО**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# Бакълъулазул районалъул росабалъ субботник тIобитIана

**21 апрелалда Бакълъулазул районалъул росабазул гIадамал субботникалде рахъун рукIана. Гьел хIалтIана гIорул, лъарал рагIаллъаби, жамгIияв бакIал, азбарал, кьватIал рацIцIад гьариялда.**

Россиялъул киналго регионаздаго гIадин, сверухъ бугеб тIабигIат, рацIцIалъи цIуниялде балагьараб «ГIурччинаб ихх» акциялъул рахъ ккуна бакълъулазги. Субботникалда хIалтIана районалъул администрациялъул, учреждениязул, гIуцIабазул, сахлъи цIуниялъул ва цогидалги хIалтIухъаби, школлъимал.

**«Гумбет» РИО**

ХАНЗАБАЗДАГИ ТIАД ХIУКМУ ГЬАБУЛЕБ

# ХIисаб гIелму – гIелмабазул къирал

### Бакълъулазул районалда тIобитIана ХанмухIамад Ахкубеговасул цIаралда бугеб олимпиада

**Бакълъулазул районалда тIобитIана Россиялъул Федерациялъул ва ДАССРалъул мустахIикъав учитель ХанмухIамад Ахкубеговасул цIаралда бугеб районазда гьоркьосеб ункъабилеб олимпиада, 5-8 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб. ХIисаб гIелмуялъул гьеб олимпиадаялъул гIуцIарухъабилъун рукIана «Гумбет район» муниципалияб районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отдел, Ахкубеговасул наслуялъул чагIи бетIергьанаб МахIачхъалаялда бугеб «Лъималазул планета» дармил рукъ.**

Олимпиадаялда гIахьаллъана Гумбет, Цумада, Буйнакск, Болъихь районаздаса, МахIачхъала, Буйнакск шагьараздаса цIалдохъаби. Олимпиада рохалилаб кьагIидаялда рагьун, кIалъазе рахъана Дагъистаналъул лъай цебетIезабиялъул институталъул ректорасул ишал тIуразарулев, социологиялъул гIелмабазул доктор ХIамзат Жамалудинов, ДГПУялъул физикаялъулгун математикаялъул факультеталъул декан, педагогикиял гIелмабазул кандидат Ширвани Бакмаев, Бакълъулазул районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул, спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, пагьму-гьунар бугел лъималазул МелъелтIа интернаталъул нухмалъулев Лабазан ХIажиев ва цогидалги. Гьез бицана жамгIияталъул гIумруялъулъ дурусал гIелмабазул кIвараллъул.

Олимпиадаялъул гIахьалчагIазда баркиялъулаб кIалъай гьабуна ХанмухIамад Ахкубеговасул вацасул вас, «Лъималазул планета» дармил рукъалъул вакил Асадула ХIабибовас, районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад ХьарагIишиевас ва цогидазги.

Тадбир тIобитIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалда ва пагьму-гьунар бугел лъималазул интернаталда.

Олимпиадаялда 5 классалъул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI Буйнакск шагьаралъул №3 школалъул цIалдохъан Марьям МухIамадовалъ, кIиабилеб бакI Гумбеталдаса Асият ГIисаевалъ (ЛъаратIа СОШ) ва Юсуп Шамсудиновас (МелъелтIа СОШ), лъабабилеб бакI ПатIимат ГIабдулхаковалъ (Аргъвани СОШ), Сарият ГIалиевалъ (МелъелтIа ООШ) ва Зайирбег МуртазагIалиевас (Гьарадирихъ СОШ) ккуна.

6 классалъул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе МухIамад МухIидинов (Аргъвани СОШ), кIиабилеб бакIалъе Макка Сулайманова (ЦIумада район, Агъвали гимназия), ГIашура Зугьайрова (МелъелтIа СОШ) ва ГIайшат СагIадулаева (ЦIилиль СОШ), лъабабилеб бакIалъе Узлипат Жамалудинова (Гьарадирихъ СОШ), ПатIимат АхIмаднабиева (МелъелтIа СОШ), ГIабдулхак ГIабдулхаков (ЦIумада район, ТIадгьаквари СОШ) ва Саният ГIисаева (ЛъаратIа СОШ) мустахIикълъана.



7 классалъул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI Салисат ХIабибовалъе (МахIачхъала) ва Марьям МухIамадовалъе (ЛъаратIа СОШ) щвана. КIиабилеб бакI ПатIимат Ибрагьимовалъ (ЦIияб Аргъвани СОШ), лъабабилеб бакI Фатимат Багужаевалъ (Ингишо СОШ), Макка Сайпулаевалъ (Ингишо СОШ) ва МухIамад ГIабдулхаковас (ЦIумада район, ТIадгьаквари СОШ) ккуна.

8 классалъул цIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана МухIамад ХIажиев (МелъелтIа СОШ). КIиабилеб бакI щвана МухIамад ГьитIиновасе (МелъелтIа СОШ) ва СалихIат Ибрагьимовалъе (ЧIиркъатIа СОШ). Лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана МухIамад МухIамадов (Болъихь №2 СОШ) ва Наби Набиев (ЧIиркъатIа СОШ).

ТIоцебесеб бакI ккуразе 3000 гъ., кIиабилеб бакI ккуразе 2000, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъаразе 1000 гъурущ ва дипломал кьуна.

**«Гумбет» РИО**

ЖАМГIИЯТ

# 266 нухалъ къватIире рахъана

### 30 апрель – Россиялъул цIа свинабулеб хъулухъалъул къо

**«Гумбет» газеталъул хIалтIухъан дандчIвана МелъелтIа бугеб № 45 пожарнияб частаялъул нухмалъулев МухтарахIмад АхIмадовгун ва къуна гьесие чанго суал.**

**- МухтарахIмад, тIоцебесеб иргаялда баркула дуда ва киналго хIалтIухъабазда тIаде щолеб бугеб цIа свинабиялъул хIалтIухъанасул къо, гьарула хадурккунги бергьенлъаби, щивасул хъизабазе талихI-рохел. Бокьилаан 2017 соналъ ва гьаб соналъул лъабго моцIалъ коллективалъ гьабураб хIалтIул ва нужерго махщалилаб байрамалде кинаб дандчIвай гьабулеб бугебали бицинеги.**

- МелъелтIа №45 пожарнияб часть рагьараб 2011 соналъул декабрь моцIалдаса хIалтIулев вуго дун гьеб идараялъул нухмалъулевлъун. 20 чи хIалтIулев вуго цIа свинабиялъул идараялда. Киналго хIалтIухъаби руго жидеда тIадаб ишалдехун жавабчилъи цIикIкIарал, захIмат хириял, цоцазул адаб- хатир гьабулел, ккараб къо борхизе хIадурал, цоцалъ вацлъиялъул гьоркьоблъи цIунарал. ЗахIматалъул гIадлу цIуни коллективалъ рикIкIуна аслияблъун.Дежурналъи гьабулеб смена араб соналъ къватIибе бахъун буго 266 нухалъ, гьелдасан цIа свинабизе 10 нухалъ ( 4 нухалъ бакъвараб хералда рекIараб, 6 нухалъ рукъзабазда, гьор-бокьалда ккараб цIа). Рахъуна гIолохъаби къватIире гIадамазе кумекалъе, занятиял тIоритIизе, нормативал тIуразе, хIалтIулал ругьунлъабазде, лъел хIавузазул хал гьабизе ва цогидалги пайдаял ишазде.

Буго цIа свинабиялъул идараялда цебе чIараб аслияб лъабго масъала – гIадамазда цIаккеялдаса цIуниялъул къагIидаби ричIчIизари, цIа свинаби, гIадамал ва буголъи хвасар гьаби. Гьел масъалаби тIураялде щивас кIварги кьола.



**- Техникаялдалъун цIа свинабиялъул идара хьезабиялъул рахъ кин бугеб?**

-Техника цIияб буго. ГIураб къадаралда буго техникаги цIа свинабизе хIажалъулеб цогидаб тIагIелги. 2016 соналъги бачIана цере рукIаразда тIадеги цIияб машина. КIиябго машина лъел цIун къватIибе бахъине хIадурго букIуна. Нижехъе ахIун, цо минуталде хIажаталъубе машина ва сменаялда ругел хIалтIухъаби къватIире рахъуна.

**- 2016 соналда гара-чIвари гьабулаго дуца борхун букIана росабазул администрацияз лъим цIунулел бакIал гьареян суал, гьел гьарун ругищ?**

- Цо къадаралъ гьеб хIалтIи лъикI гIуцIана росабалъ. Буго 34 лъим цIунулеб бакI. Лъел хIавузал жеги гьаризе ккола бакIалги руго. хIавузазул халги гьабун, цIа свинабиялъул идараялъ гьенир тIатарал гIунгутIабазул хIакъалъулъ лъазабула прокуратураялдаги росабазул администрациязаги.

**- Учреждениязда, гIуцIабазда цIа свинабиялъул алатал чIезареян лъазабизе нужер ихтияр бугищ?**

- Буго, планалда рекъон, отделениязул командираз хал гьабиял тIоритIула, цIа свинабиялъул тIагIелал чIезариялде кIвар кьолареза лъазабула гьеб гIунгутIиялъе ахир лъеян, нагагь цIа ккани хIажалъулел хIос, бел, газа, сали ва цогидабги чIезабеян.ЦIаялъул балагь нахъ чIваялде хIадурлъи кисакибего букIине ккола.

**- ХIалтIухъабазе санагIатал шартIал чIезаризеги хIаракат бахъулеб букIин бихьулеб буго пожарнияб часталда.**

- ХIалтIухъабазе буго хIухьбахъиялъул рукъ, босана теннис хIалеб стол, «Гумбет район» муниципалияб районалъул нухмалъиялъ гIарцудалъун кумекги гьабун. Нижеца баркала загьир гьабула гьелъухъ. Кабинетазда капиталияб къагIидаялъ ремонт гьабуна хIалтIухъабаз жидецаго, жанире лъугьине ракI балеб хIал буго. Гьеб хIалтIи бажарараб гьабун гIолохъабаз тIубаялъ, республикаялъул идараялдасан гIарац гьаризе ккечIо.

**- ЦIа ккеялдаса цIуниялъул къагIидаби ричIчIизари кин гIуцIун бугеб?**

- Цебеккунго графикги бахъун, отделениязул командираз, цогидал хIалтIухъабазгун цадахъ школазда, лъималазул ахакь тIоритIана цIаккеялдаса цIуниялъул къагIидабазул бицунел рагьарал дарсал. ГIахьаллъана 1000-ялдаса цIикIкIун цIалдохъан. Росабалъ гIадамазе рикьана агитациялъулал тIамчал. Цере рахъуна росабазул жамагIатазул данделъабазда, захIматалъул коллективазда, гIуцIула рагьарал нуцIбузул къоял. ТIобитIана цIаккеялдаса цIуниялъул моцI.

**- ЦIа свинабиялъул идараялъул хIалтIухъабазе республикаялъулал конкурсазда, районалда тIоритIулел тадбиразулъ гIахьаллъун шапакъатал гIемер щвана нужее, хадубккунги гьеб къагIида цебетIезабизе ракIалда батила?**

-Республикаялъулаб «ЛъикIав махщалилав» конкурсалда гIахьаллъун ахирияб соназ тIоцебесеб бакI ккуна отделениязул командирал Рамазан ГIумаровас, Лабазан ГIабдукаримовас, ГIумарасхIаб КъурамухIамадовас, пожарникал АхIмад Нажуевас, ХIажимурад Ибрагьимовас. Коллективалъеги, хIалтIухъабазеги щварал грамотабиги, дипломалги, баркалаялъул кагътalги дагьал гьечIо. Спортивияб рахъги хIалтIухъабазул цебетIураб буго. Бокьараб мехалъ цебе бахъине, ракI чIун бергьенлъи босизе, лъикIго хIадурлъи щвараб торгIо хIалезул команда буго нижер. Районалъул спартакиадаялдаги, республикаялъул МЧСалъул коллективазда гьоркьор къецаздаги тIоцебесеб бакI ккуна торгIо хIаялъе.

ХIалтIухъабазул лъай борхизабиялъги, ругьунлъаби тIоритIиялъги, тIадал ишал тIуразари лъикI гIуцIиялъги цIасвинабиялъул Гумбеталъул идараялъ тIоцебесеб бакI кколеб буго щибаб соналъ пожарниял частазда гьоркьоб гIуцIараб конкурсалда. Республикаялъул 30 пожарнияб частазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккеялъ, идараялъе кIиго соналъ къуна «Нива» автомашина, гIарцулал сайгъатал ва цогидалги шапакъатал.

30 апрель ккола цIа свинабиялъул хIалтIухъабазул махщалилаб байрам. Дица «Гумбет» газета гьоркьоб ккун тIолабго коллективалда ракIракIалъ баркула махщалилаб байрам. Гьарула хIалтIулъ церетIеял, щивасе щулияб сахлъи, халатаб гIумру, кидагосеб икъбал ва талихI- рохел. Районалъул гIадамаздеги гьари буго цIа ккунгутIизелъун цIодорлъи гьабеян, электротокалдаса, газалдаса пайда босиялъул, бакъвараб хер цIуниялъул къагIидаби цIунеян. ЦIаялъ кIудияб балагь-къварилъи тIаде бачIуна. ЦIунаги цIа ккеялдаса, гьелъул заралалдаса. ЦIа ккунин квешаб хабар бачIун, сапаралъ рахъине ккогеги цIа свинабулел .

**Гара-чIвари гьабуна Къурмагъиз ХIадисовалъ.**

## Рагъулаб хъвай-хъвагIай гьабиялъул хIакъалъулъ суалгун данделъи

Казбек ва Гумбет районазул рагъулаб комиссариаталъул МелъелтIа бугеб офисалда тIобитIана рагъулаб хIисаб гьабулеб къагIида малъулеб данделъи. Гьенир гIахьаллъана Казбек ва Гумбет районазул рагъулав комиссар Арсен МухIамадов, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, гIадлу-низам цIуниялъул органазул вакилзаби ва цогидалги.

Данделъиялда 2017 соналъул хаслихъе гьабураб рагъулаб хIисабалъул хIасилазул бицана. Рагъулаб хIисаб гьабиялъул къагIидабазулгун, чанго документалъулгун, цIияб законалда ругел хиса-басиязулгун лъай-хъвай гьабуна. Рагъулаб хIисаб гьабулезда ричIчIизаруна тIадал ишал, къуна методикияб рихьизариял ругел тIамчал, 2018 соналъе ругел хиса-басиялги баян гьаруна. Арсен МухIамадовас гьединго бицана 2018 соналъул призывнияб компаниялда 1 апрелалдаса байбихьанин. Бакълъулазул районалдаса, рагъулаб комиссариаталъул планалда рекъон, рагъулаб хъулухъ тIубазе 14 гIолилав витIизе вугин, рагъулаб хIисабалъул хIакъалъулъ Россиялъул Федерациялъул законалда рекъон, тIадегIанаб ва гьоркьохъеб хасаб лъай бугел гражданаз рагъулаб хъулухъ контракталда гьабизе рес бугин.

**«Гумбет» РИО**

ЗИГАРАБИ

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Малик Маликовасда, кIудияб эбел ПатIимат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Зайнап Бекбулатовалда вац Беки Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хварасе алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

### Проверка состояния задолженности бюджетных учреждений и организаций Гумбетовского района по уплате страховых взносов

**Прокуратурой Гумбетовского района, во исполнение поручения прокуратуры Республики Дагестан, проведена проверка состояния задолженности бюджетных учреждений и организаций Гумбетовского района по уплате страховых взносов.**

По результатам проверки установлено, что в нарушение ст. 23 Налогового кодекса РФ у сельских поселений, муниципальных учреждений образования и культуры, а также казенных и бюджетных организаций Гумбетовского района, имеются задолженности по уплате вышеуказанных платежей.

По результатам проверки прокуратурой района в адрес главы МР «Гумбетовский район» и глав сельских поселений внесены 13 представлений об устранении нарушений законодательства в сфере уплаты страховых взносов.

**Ш.М. Магомедов,
заместитель прокурора
района, юрист 1 класса**

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

## Внимание: дети!

**Согласно распоряжению МВД по РД №17/2541 от 28.03.2018 г., на территории Гумбетовского района проводятся целевые профилактические мероприятия «Внимание-Дети!» в 5 этапов, 1-й этап - с 28 марта по 8 апреля, 2-й этап - с 22 мая по 4 июня, 3-й этап - с 28 августа по 11 сентября, 4-й этап - с 1 по 8 ноября, 5-й этап - с 26 декабря 2018 г. по 11 января 2019 г. Данная операция направлена на снижение аварийности с участием детей.**

Отделение ГИБДД по Гумбетовскому району обращается к родителям района с просьбой позаботиться о своих детях. Внимательно следить за их поведением на дорогах. Исключить возможность самостоятельного появления детей до 10 лет без сопровождения взрослых на проезжей части дороги, соблюдение детьми и подростками правил дорожного движения при управлении велосипедами и мото-транспортом. Простейшие правила: переводить ребенка через проезжую часть только в установленном месте; перевозить в автомобилях детей, не достигших 7 лет, с использованием детских удерживающих устройств, а старше 7 лет пристегивать ремнями безопасности. По возможности приобрести яркую одежду или ранец для своего ребенка, либо световозвращающие элементы, чтобы дети на дорогах были заметны. Следует обсудить с детьми кратчайшие и безопасные маршруты их движения, при этом учитывать интенсивность движения транспортных средств в местах перехода детей через проезжую часть. За анализируемый период в рамках данной операции ОГИБДД ОМВД РФ по Гумбетовскому району составлен 1 административный протокол по ст. 12.23 ч.3 Ко АП РФ (нарушение требований к перевозке детей, установленных ПДД).

**Амир Амиров,
и.о. начальника ОМВД
России по
Гумбетовскому району,
майор внутренней службы**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов муниципального образования «Село Тлярата»

**от 5 марта 2018 г. № 3 Решение с. Тлярата**

### «Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Село Тлярата» за 2017 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «село Тлярата», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Село Тлярата» за 2017 год Собрание депутатов:

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Село Тлярата» Гумбетовского района за 2017 год:

- по доходам в сумме 1950,1 тыс. рублей согласно приложению №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 2073,2 тысяча рублей согласно приложению №2 к настоящему решению. (источником финансирования дефицита бюджета 2017 года является остаток бюджетных средств на 01.01.2017 г -209,2 тыс. руб.)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**А. М. Залумханов.**

**Приложение № 1**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Тлярата»**
**от 5 марта 2018 г. №3**

### Доходы бюджета администрации сельского поселения «Село Тлярата» за 2017 год

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2017 год | Фактически исполнено за 2017год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 25,0 | 12,7 | 50,8 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030101000110 | 19,0 | 20,9 | 110,0 |
| Единый сельскохоз. налог | 18210503010011000110 | 2,0 | | |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 39,0 | 36,0 | 92,3 |
| Пеня на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | ,0 | 6,5 | #### |
| **ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ** | | **85,0** | **76,1** | **89,5** |
| **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | | **1496** | **1415** | **94,6** |
| **Дотация сельскому поселению из ФФПП** | **00120201001100000151** | **1297,0** | **1216,0** | **93,8** |
| **Субсидии в.т. числе** | | | | **####** |
| *Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования* | 00120202041100000151 | 591,0 | 591,0 | 100,0 |
| **Иные межбюджетные трансферты в т.ч.** средства *бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий* | 00120204014100000151 | 199,0 | 199,0 | 100,0 |
| Недофинансирование за декабрь 2016 г. | | 99,0 | 99,0 | 100,0 |
| **Субвенции** | | **59,0** | **59,0** | **100,0** |
| | **в том числе** | | | |
| Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000151 | 59,0 | 59,0 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **2213,0** | **1950,1** | **88,1** |

**Приложение №2 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Тлярата»**
**от 5 марта 2018 г. №3**

### Исполнение бюджета по расходам администрации сельского поселения «Село Тлярата» за 2017 год

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2017 год | Кассовые выплаты за 2017 год | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **2213,0** | **2073,2** | **93,7** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | | **1086,6** | **1081,0** | **99,5** |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд. власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1086,6 | 1081,0 | 99,5 |
| **Национальная оборона** | **001** | **02** | **00** | | **59,0** | **59,0** | **100,0** |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 59,0 | 59,0 | 100,0 |
| **Национальная экономика** | **001** | **04** | **00** | | **591,0** | **535,1** | 90,5 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 591,0 | 535,1 | 90,5 |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | | **50,0** | **45,6** | **91,2** |
| Благоустройство | *001* | *05* | *03* | *9900040010* | 50,0 | 45,6 | 91,2 |
| **Культура и кинематография** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | **366,4** | **295,6** | **80,7** |
| *Культурно -досуговый центр* | *001* | *08* | *01* | *9900080010* | 366,4 | 295,6 | 80,7 |
| **Социальная политика** | ***001*** | ***10*** | ***00*** | | **0,0** | **0,0** | ###### |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии) | *001* | *10* | *01* | *9900090010* | | | ###### |
| **Физкультура и спорт** | ***001*** | ***11*** | ***02*** | ***9900090100*** | **55,0** | **52,7** | **95,8** |
| **Молодежная политика** | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | **5,0** | **4,2** | **84,0** |

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1090
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.